

TOPONIMI (NGARAN-NGARAN TEMPAT)

A. Baheula mah méré ngaran tempat téh puguh cirina

Upamana ciri rupa bumi kayaning:

1. Cai atawa walungan jeung sagala kaayaanana (Banyak sungai, berarti pula banyak air, sehingga mengilhami penduduknya untuk memberi nama sungai dan tempat tinggal méréka dengan sebutan awal ci singkatan dari cai, kata basa Sunda yang berarti air... Ekajati, 1995 -21), jeung rupa-rupa kaayaan cai séjénna nya éta;

Leuwi, sedong/Sodong, Situ/Setu, Parung, Curug, Bantar, Balong, Empang, Tasik,

Dano, Selat, Laut jsb. Biasana ieu ciri laku cai téh sok dikombinasikeun jeung ciri Flora atawa fauna atawa kaayan caina, nya jadi: Cibodas, Cihideung, Cibeureum, Ciirateun, Cikaréo, Bantar Kalong, Parung Kuda, Situ Uncal, Curug Sigay, Bantar Waru jsb.

2. Taneuh atawa lemah jeung kaayaanana :

Pasir, Gunung, Tanjung, Bojong, Legok, Lebak, Tegal, Cadas, jsb.tina ciri ieu urang wanoh jeung ngaran tempat; Taneuh Beureum, Lemah Abang, Lemah Neundeut, Pasir Kiara, Gunung Geulis, Tanjung Wangi, Tanjung Duren, Bojong Kerod, Bojong Malaka, Legok Jawa, Tegal Lega, Tegal Buleud, jsb.

3. Ciri tutuwuhan jeung sagala kaayaanana (flora) upamana; Jati Tujuh, Kiara Condong, Waru Doyong, Awi Ngahgar, Mangga Dua, Limus Nunggal, Bogor, Garut, Bintaro, jsb.

4. Ciri ayana wawangunan khas kayaning:

Pondok, Warung, Pasar, Kudang, Pabrik, Garduh, Pal, Sasak, Jambatan, jsb jeung rupa-rupa kaayaanana (Pondok Kelapa, Pondok Gedé, Warung Bajigur, Warung Cina, Warung Kersen, Pasar Turi, Pasar Rebo, Kudang Areng, Gudang Kopi, Pabrik Es, Pal Genep, Patok Beusi, Garduh Sayang, Sasak Gantung, Jembatan Merah jsb

5. Ciri ayana patempatan anu maranti kayaning: Régol, Pamagersari, Pangurakan, Panjunan, Gending, Karapyak, Banceuy, Palimanan, Plumbon, Pajagalan, Pangeureunan, Pamucatan, Pengkolan, Erétan, Peupeuntasan, Pangaduan, Talun, Kebon, Jsb

6. Ciri tina jumlah umpi di hiji tempat; Babakan, Lembur, Kampung, Dayeuh, Kota, Nagri, jsb. Upamana aya ngaran Babakan Tarogong, Babakan Surabaya, Lembur Situ, Kampung Melayu, Kampung Rambutan, Dayeuh Luhur, Dayeuh Kolot, Kota Kulon jsb. (Di Purwakarta mah sesebutan wilayah pamarentahan satingkat desa aya nu disebut Nagri)

B. Ngaran tempat (toponimi) kaayeunakeun mah geus kurang merhatikeun ciri-ciri anu khas sarta maneuh saperti baheula. Jalma kiwari sarwa hayang praktis jeung simpel/sarta nyirian ngaran tempat ku cara;

1. Orientasi kapentingan administrasi

Pamarentahan/politik. Bisa jadi ieu téh dimimitian ku Daendels waktu ngabagi tilu wilayah pamarentahan pulo jawa, kapan cukup ku nyebut west java ka jawa barat téh. Kitu oge nu dua bagian deui cukup disebut tengah jeung timur.(Istilah West Java tampaknya muncul pada abad ke-19 Masehi, tatkala Pulau Jawa telah dikuasai sepenuhnya oleh pemerintah kolonial Hindia Belanda dan dirasakan perlu untuk melakukan Pembagian wilayah atas pulau Jawa demi kepentingan administrasi pemerintahan dan militer...Ekajati,1 995-9)

Pertanyaan keur urang: naon pingaraneunana ka propinsi nu dicicingan ku urang mun seug Crebon

jadi propinsi anyar, Bodebek jadi propinsi, karuhan Banten geus ti heula?

2. Ciri eksklusivisme nu dicirian ku dugdeгна lembur anyar nu diwangun ku devoloper nu ngaran lemburna disebut kompleks atawa griya, atawa real estate bari ngaranna dicirian ku kecap Raya, Permai, Indah, Permai, Kencana

3. Ciri nu ngan ukur mode. Ngaran tempat ngan disebut mangrupa akronim atawa ngarobah sora: Paramon, Cikago, Uber, Gatsu, Otista, Koper, Marken, Meruya, Cimol, Ciwok, Pasbar, Plago, Balkot, Jagorawi, Botadabek, Cipularang, Pantura, Benhil, LA, Parhon jsb.

4. Ciri Iklan/Promosi: Dunlop, Aqua

5. Ngaran tempat robah atawa leungit balukar tina pangwangunan jeung pamekaran wilayah

Nu leungit: Cikalintu, Parakan Muncang, Cikeruh, Cigoléndang, Korobokan, Bunderan Siem, jsb. Nu robah: Géhgér Kalong jadi Geger Kalong, Jeungjing Rigil - Jingjing Rigil

Upama ngabandungan seueurna ngaran tempat jeung hunian anyar, teu kinten peryogi imeut sareng gemetna upami bade milari dalil, hukum proses nyirian atawa méré ngaran patempatan. Jigana peryogi studi anu teleb sareng lega ambahan sampelna. Geura mangga emutan, di Cibubur aya hunian anu ngaranna diimpor ti lembur batur. Panginten di kota-kota nu sanes ge aya tempat-tempat nu eksklusif kitu téh.

Manawi bahan katampi ieu kasanggakeun sakadar calecer bahan diskusi cukcrukan toponimi di lembur urang.

Dekos
CALECER BAHAN DISKUSI DI PSS - JUMAAH 9 MEI 2008